# Kontakte Nou

The Middlesex Children's Advocacy Center ("MCAC") anndan Inite pou Pwoteksyon Timoun (Child Protection Unit) nan Biwo Komisè Gouvènman (Disctrict Attorney) Middlesex la.

Nan MCAC a, se yon Enfimye Egzaminatè Sètifye pou Atak Seksyèl sou Timoun ki fè sèvis medikal espesyalize yo.

Mildrine Tulysse
Pedi SANE, Middlesex CAC
15 Commonwealth Avenue
Woburn, MA 01801
(781) 897-8422

## Gade nou sou Entènèt pou Plis Enfòmasyon

Middlesex Children's Advocacy Center
(Sant Middlesex pou Timoun ki Viktim Atak Seksyèl)
www.middlesexcac.org

Middlesex District Attorney's Office
(Biwo Komisè Gouvènman Middlesex)
www.middlesexda.com

MIDDLESEX CHILDREN'S ADVOCACY CENTER





# Pwogram SANE pou Timoun nan Massachusetts

**SÈVIS ENFIMYE EGZAMINATÈ MASSACHUSETTS POU TIMOUN KI VIKTIM ATAK SEKSYÈL NAN SANT POU EDE TIMOUN VIKTIM NAN MIDDLESEX**



## Sèvis Medikal

MedikalLè yo sispèk oubyen yo resevwa yon rapò sou atak seksyèl, yon timoun merite yon pwofesyonnèl sante ki gen eskspètiz nan kesyon sa yo fè yon evalyasyon medikal pou li.

**Rezon pou fè egzamen medikal la, se pou:**

1. Pwoteje sante ak byennèt pitit ou
2. Dyagnostike ak trete pwoblèm sante ki kapab anrapò avèk atak la
3. Fè timoun lan konnen tout bagay nan kò li byen
4. Anrejistre nenpòt ki konklizyon ki gen yon enpòtans fizik oubyen legal
5. Si se yon ka atak seksyèl, pèmèt ranmase tout prèv yo ka jwenn sou kò oubyen sou rad timoun lan (si yo pa tann twò lontan pou fè rapò a)

Enfimye Egzaminatè Sètifye pou Atak Seksyèl sou Timoun ("Pedi SANEs") nan Depatman Sante Piblik Massachusetts la kapab bay konsèy sou kesyon ak pwoblèm sante. Egzamen medikal Pedi SANE la kapab genyen ladan dokimantasyon fotographik ak ekri sou egzamen an, tès laboratwa ak dyagnostik ki pa envazif, ranmase prèv legal, ak konsiltasyon pou sante.

Pedi SANE fè swen medikal konplè avèk konpasyon epi kowòdinasyon, dapre bezwen devlopmantal, fizik, emosyonnèl ak kiltirèl chak timoun.

